4. Өтеш шайыр. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: «Қарақалпақстан» 1978, 91-б.
5. Жийен-жыраў. Посқан ел. Толғаўлар ҳәм поэмалар. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984, 52-б.Соңғы мысалларда усы баспадан алынып, тек бетлери көрсетиледи.
6. Жийен-жыраў (Әдебий портрет). Қарақалпақ әдебияты тарийхы (Университет ушын сабақлық) Нөкис: «Қарақалпақстан» 1983, 83-84-б.
7. Мәмбетов. К. Ерте дәўирдеги Қарақалпақ әдебияты. -Нөкис: «Билим», 1992, 235-б.
8.Сонда, 236-237-б.б.
9. Мәмбетуллаев М, Төребеков М, Юсупов О. Қарақалпақстан тарийхы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010,192-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада XVIII аср қорақалпоқ адабиёти буюк классиги Жийен жиров Аманлик ўғлининг хаёти ва ижоди янги маълумотлар асосида миллий мустақиллик ғоялари нуқтайи назаридан қайта таҳлил қилинган. Шунингдек, Жийен жиров 1710-йили туғилиб, 1784-йили 74 ёшида дунёдан ўткан деган хулосага келинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье на основе новых данных заново анализируется жизнь и творчество великого классика каракалпакской литературы XVIII века Джиен Жирова Аманлык оглы с точки зрения идей национальной независимости. Также делается вывод, что Джиен Жиров родился в 1710 году и умер в 1784 году в возрасте 74 лет.

**Summary**

The article re-analyzes the life and work of the great classic of Karakalpak literature of the XVIII century Jiyen Jirov Amanlik oglu from the point of view of the ideas of national independence on the basis of new data. It is also concluded that Jiyen Jirov was born in 1710 and died in 1784 at the age of 74.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ЭПОСЛАРЫНЫҢ СЫРТ ЕЛЛЕРДЕ ҮЙРЕНИЛИЎИНИҢ ТИЙКАРҒЫ ИЛИМИЙ АСПЕКТЛЕРИ АНАЛИЗИ

**Г.К.Алламбергенова –** *еркин изленийши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: қорақалпоқ эпослари,чет ел олимлари, ўрганишнинг ва тадқиқотнинг асосий илмий аспектлари: достонлар генезиси, жанрий хусусиятлари, поэтика, сюжет мотивлари ва қатламлари, қаҳрамон образ ива тарихий ҳақиқат, миллий хусусиятлар.

**Ключевые слова:** каракалпакский эпос, зарубёжные ученые, основные научные аспекты изучения и исследования: генезис эпоса, жанровые особенности, поэтика, сюжетные мотивы и пласты, героический образ и историческая действительность, национальные особенности.

**Key words:** Karakalpak epics, foreign scholars, main scientific aspects of study and research: genesis of epics, genre features, poetics, plot motives and layers, heroic image and historical reality, national features.

Сырт ел алымлары түркий халықларының, соның ишинде қарақалпақ эпосларын типологиялық жобада үйрене отырып, бул дәстанлардың генезисин, эволюциясын, жанрлық қәсийетлерин, архетип түп нусқасын, вариантласыў ҳәм версияласыў ҳәм көп қатламлылық қубылысларын, эпос атқарыўшылығындағы турақлы дәстүрий қайталаўлар, таяр клищелер менен бирге атқарыўшының дәстүр ҳәм жаңашыллыққа қатнасы, эпос қаҳарманларының генетикалық шығысы, эпостың тарийхыйлығы ҳәм көркемлилиги көркем тили усаған мәселелерге кең түрде тоқтап өтти.

Усы көзқарастан сырт ел алымларының «Едиге» дәстаны ҳаққында пикирлерине сер салатуғын болсақ, ҳақыйқатында да, жоқарыда айтылған мәселелер сырт ел алымларының көпшилигиниң дыққатын өзине тартқан машқалалар болғанлығын көриўге болады. Мысалы, «Едиге» дәстанының түркий версияларын салыстырып изертлеген рус алымы В.М.Жирмунский дәстанның қарақалпақ версиясының 1929-1934-жылларда профессор Қ.Айымбетов жазып алып бастырып шығарған Ерполат жыраў вариантын «бай мазмунға ийе, көркемлиги күшли вариант» [7:353], деп баҳалағанда, оның идеялық көркемлик өзгешеликлерине, сюжетлик мазмунына, анығырағы, сюжетлик мотивлерине айрықша итибар берген болса, башкурт алымы Валиди Тоған дәстанының қарақалпақ версиясының Нуратдин жыраў вариантына жыраўдың атқарыў шеберлиги көзқарасынан баҳа берип, оны Болгарияда жүргенинде тыңлаған ноғай жыраўы жырлаған вариант пенен салыстырыў тийкарында қарақалпақларды жыраўшылық - атқарыўшылық өнердиң күшли раўажланғанлығын нәзерде тутқан ҳалда қарақалпақ жыраўы «Едиге»ни айрықша стиль ҳәм талант пенен жырлағанлығына баҳа береди» - деп баҳалайды [2].

Бир қатар сырт ел алымлары дәстанының дөрелиў дәўирлерине, генезисине үлкен итибар бере отырып, дәстанда сүўретленген ўақыялар менен бас қаҳарманлар (Сатемир, Тоқтамысхан, Едиге ҳәм.т.б.) образларының тарийхый шынлыққа қатнасын дәлиллеўге, сол тийкарда оның жанрлық өзгешелигин белгилеп бериўге қызығады. Изертлеўдиң тарийхый-типологиялық бундай усылы дәстанды барлық көркемлик қунлылықлары менен көркем ҳәм тарийхый шынлық көз қарасынан ашып бериўге кең имканият жаратады. Себеби, илимий фактлерге ҳәм дәстанда сәўлеленген ўақыялар мазмунына сер салып қарасақ, «Едиге» дәстанының идеялық дәреклери дәстан қаҳарманы Едигениң тири гезлеринен – XIV әсирдиң ақыры XV әсирдиң басларында болып өткен тарийхый ўақыяларға байланыслы пайда бола баслағанын көремиз. Мәселен, Ш.Ўәлийханов XIV әсир ўақыяларына тийкарланған «Едиге» жыры XV әсирдиң бас гезлеринде дөрелген болса керек [3:226], деген пикир билдирсе, В.М.Жирмунский «Сөз жоқ, Едигениң тири гезлеринде-ақ оның атына байланыслы ҳәр қыйлы аңызлар келип шыға баслады [7:377]» деп жазады.

Бул фактлерди Ибн Арабшаҳ мийнетлери де тастыйықлап турады. Оның көрсетиўинше, Едигениң тири гезлеринде-ақ халық арасында «Едиге ҳаққында әжайып мифлер, адам ҳайран қаларлық аңызлар тоқылған еди» [8:163].

Көрип отырғанымыздай, дәстанның тийкарғы дөретиўшиси ҳәм атқарыўшысы Соппаслы Сыпыра жыраўдың дөретиўшилиги қарақалпақ халқының мәденияты тарийхы менен қандай тығыз байланысқа ийе болған болса, дәстанның дөрелиў дәўири менен жыраўдың жасаған дәўирлери де бир-бири менен усындай жақын жупкерликлерге ийе.

Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге»ниң дәстанның миллий версияларының версияласыў ҳәм вариантласыў сағасында туратуғын ең ески нусқа екенлигин дәлийллейтуғын және бир факт - дәстан қаҳарманы Едигениң қарақалпақлардың этногенезинде тийкарғы орынды ийелейтуғын маңғытлардың ақ маңғыт тийресинен шыққан тарийхый тулға екенлиги болып табылады. Бул пикирди Ш.Ш.Ўәлийханов, В.В.Бартольд, П.П.Иванов, Т.А.Жданко, В.М.Жирмунский, Ә.Маргулан, Машҳур Жусип, Б.А.Кочекаев, В.В.Трепавлов, Ашим Шейх Алий улы сыяқлы көплеген белгили сырт ел тарийхшы-

әдебиятшы алымлары тастыйықлайды, ҳәтте олардың айырымлары Едиге улысы менен оның жасаған аймақларын қарақалпақлар тарийхы менен тығыз байланыстырады. Мәселен, Ш.Уәлийханов өзи жазып алған «Едиге» жырының орысша аўдармасының кириспесинде Уллы таўда «Едиге обасы» деп аталатуғын қорғанның, мазардың, «Едиге шыңы» деп аталатуғын шыңның бар екенлигин айта келип, қырғызлар (қарақалпақлар – А. Г.) оны өзлериниң кәраматлы адамы ҳәм миллий қаҳарманы сыпатында ҳүрмет етип, усы мазардың басында жийи-жийи қурбанлықлар ислеп туратуғынлығын жазады [3:224].

Тарийх та, дәстан да Уллы таўдың қарақалпақлардың үлкен бир бөлегиниң мәкан тутқан журты – Едиге журты екенлигин бийкарламайды. Мәселен, дәстанның қазақ версиясы вариантларының биринде: «Ер Едигениң өзиниң турақ қылған жери – Уллы таў, Киши таў екен...

Сонда (өлеринде – А.Г.) «мени, Қаратаўдың баўырында Қарақалпақ атасы Созақтың қара обасының қасында Баба Түкли Шашлы Әзиз атам бар, соның қасына апарып қойсын» деген ўәсияты менен сол жерге апарып жерлеген екен [6:19]» деген қатарларды оқыймыз.

Сырт ел алымларының бул пикирлериниң дурыслығын, яғный «Едиге»ниң қарақалпақ версиясының ең ески нусқа екенлигин дәстанның бизиң әсиримизге дейин басып өткен жолы менен оны атқарыўшы-дөретиўши жыраўлардың генеалогиялық шежире кестеси де тастыйықлап турады. И.Т.Сағыйтовтың көрсетиўине қарағанда, «Едиге» дәстанын Өтенияз жыраў Ерполат жыраўдан, Ерполат жыраў Сайпулла жыраўдан, Сайпулла Дүйсенбай жыраўдан, Дүйсенбай Айтуўар жыраўдан, Айтуўар Сыбан жыраўдан, Сыбан Түменбай жыраўдан, Түменбай Шаңқут жыраўдан, Шаңқут XVIII әсирдеги қарақалпақ әдебиятының ең ири ўәкили жыраў-шайыр Жийен Аманлық улынан үйренген [5].

Қ.Айымбетов дүзген қарақалпақ жыраўларының генеалогиялық шежире кестеси [1:71] менен әдебият тарийхшысы К.Мәмбетовтың изертлеўлерине [11:171-234] итибар берип қарасақ, жыраўлар шежиресиниң сағалары Жийен - Мүйтен - Досмамбет Асан - Жийренше жыраў-шешенлер дизбеги формасында Соппаслы Сыпыра жыраўға барып ушласатуғынын көремиз.

Әлбетте, булардың барлығы дәстанның қарақалпақ версиясы вариантларының миллий генетикалық, эстетикалық дереклери ғана болып табылады. Сырт ел алымлары дәстандағы қаҳарман образының жасалыўы бир қатарда оның тарийхый тийкарларына да мәселесине үлкен дыққат аўдарды. Соның менен бирге, бул алымлар тәрепинен дәстанның генезиси, жанрлық өзгешеликлери, эволюциясы мәселелерине де үлкен дыққат аўдарылды.

Ҳәр қандай көркем шығарманың өзин пайда еткен жәмийеттиң, халықтың, миллеттиң сиясий-экономикалық, тарийхый-мәдений жағдайларынан нәр алып дөрейтуғынлығын есапқа алатуғын болсақ, «Едиге» дәстанының да қаҳарманлары Әмир Темир, Ер Едиге, Тохтамыс ханлар жасаған дәўирдиң, яғный Алтын Орда, Мауереннахр, Ноғайлы заманының тарийхый шараятларынан азықланып дөрегенлигине ҳеш ким гүман келтирмейтуғын болса керек.

Деген менен, проф. К.Алламбергеновтың көрсетиўинше, эпикалық жанр «Едиге»ниң батырлық жыр формасынан қайсы әсирде қаҳарманлық дәстан формасына өсип-өткенлиги ҳаққында анық бир дәстиярлы дәлиллер жоқ. Бирақ, бир нәрсе анық – «Едиге» дәстанының дөрелиў дәўирлери, анығырағы Ноғайлы дәўири (XIV-XVI әсирлер) батырлық жырлардың барынша кең қулаш жайып раўажланған дәўири болған. Шама менен, XVII-XVIII әсирлерге келип бул жырлардың орнын дәстан жанры ийелеп, «жыр» деген түсиник енди бурынғыдай өзиниң дәслепки келип шыққан түсинигинде тар мәнилерде ғана (мысалы, салт-дәстүр жырлары) сақланып қалған болыўы керек.

«Мениң саҳраға соңғы келген сапарымда (1840-ж.) жыр поэзияның гөнерген формасына айланып қалған екен,- деп жазады бул ҳаққында Ш.Уәлийханов. -Енди жыр да қобыз сыяқлы тек бақсылардың ғана қәстерли мүлки болып қалыпты» [12:226].

«Едиге» дәстанының батырлық жырдан қаҳарманлық дәстанға өсип-өтиў жолын анықлар екенбиз, ең алды менен, «Едиге» жыры қашан пайда болды, қашан толықтырылып, дәстан сыпатында қайта жырланды, пайда болыў ҳәм қайта жырланыўына қандай ўақыялар себепши болды, деген сораўларға кишигирим анықлық киргизип кеткенимиз мақул болады.

Белгили қазақ фольклористи Ә.Қоңыратбаев, қазақларда ноғайлы эпосының сюжети XVIII әсирде жунгар шабылыўы гезинде туўылған болыўы керек, деген пикирди айтады. Оның пикиринше, эпос ўақыяның ыссы изи менен емес, көбинесе сол ўақыяның изи суўып, екинши бир қысылшаң пайыт туўған гезинде пайда болады [10:72].

Усы принципке сүйенген ол Едиге образының Ноғайлылар (ноғайлар ҳәм қарақалпақлар – А.Г.) арасында пайда болыўын Едиге өлиминен 100 жыл соңға, яғный Иван Грозныйдың 1552-жылғы Астраханды жаўлап алыў ўақыясына апарып ушластырады [10:193]. Оның үстине, бул гезде (XVI әсирде-А.Г.) ноғайларда эпос дәстүри болған. Онысы (эпос дәстүри – А.Г.) жазба түрде раўажланады. Сол жазбалардан ноғай сюжетлери далаға-қыпшақларға (қазақларға - А.Г.) тарайды [10:193]. Ә.Қоңыратбаевтың дусмаллаўына қарағанда, демек, «Едиге» дәстаны да усы әсирде жазба түрде келип шыққан болады.

К.Алламбергеновтың көрсетиўинше, Ә.Қоңыратбаев бир нәрсеге – эпостың туўылыўы менен қайта жырланыўының басқа-басқа мәселелер екенлигине онша кеўил бөле қоймаған. Сонлықтан да «Едиге» жырының қарақалпақлар ҳәм ноғайлар арасында туўылыў дәўири ҳаққында ол айтқан фактлер ҳақыйқатлыққа онша сәйкес келе бермейди. Себеби, «Едиге» жыры, К.Алламбергеновтың пикиринше, түрк халықларына тийисли руў-қәўимлердиң, соның ишинде қыпшақ, ноғай, маңғыт улысларының бирлигиниң бузыла қоймаған дәўирлеринде 1560-жылдан көп бурын Алтын Орда Ноғайлы аўқамындағы руў-қәўимлер арасында бир ўақытта, бир негизде келип шыққан.

Алымның пикиринше, Алтын Орда менен Ноғайлы аўқамының қурамында болған халықларға тийисли болған руў-қәўимлер арасында «Едиге» жырының келип шығыў негизиниң төмендегидей себеплери болыўы мүмкин:

Едиге Алтын Орданың сол қанатындағы түркий руў-қәўимлер арасында үлкен сүйиспеншилликке ерискен. Оның себеби, биринширден, ол бул руў-қәўимлердиң, анығырағы Сырдәрьядан тартып Едилге дейинги аралықта жасаған Маңғыт руўының көсемлериниң бири Балташақтың баласы болса, екиншиден, оның өзи де сол руў-қәўимлердиң үлкен ғамхоршысы болып жетилискен, оларды Тохтамыстың зулымынан азат етиўге ҳәрекет еткен. Себеби, Тохтамыс әкеси Балташақтың ғана қас жаўы болып қоймастан (оны өлтирип ғана коймай), Алтын Орда тахтына отырғаннан кейин, Балташақтың баласы Едигеге де питне шөлкемлестирмекши болған. Тохтамыстың қол астынан бир ҳәмеллеп қашып шыққан Едиге 10-15 жылдай Шах-темир (Сатемир) ханның әскеринде

хызмет еткен. Айырым сырт ел алымларының көрсетиўинше, усы дәўирде ол барлық күш-жигерин салып Әмир Темирди өзиниң қас жаўы Тохтамысқа қарсы урыс ашыўға үгитлеген. Темир ақыры Ширван жерлеринде жүргизип атырған урысларын тоқтатып, Дәрбент арқалы Дәшти Қыпшаққа (Тохтамыс ханның қол астындағы жерлерге) әскер тартып барыў шешимине келген. Әмир Темирдиң Алтын Орда ханы Тоқтамысқа қарсы саўашқа кирисетуғынына анық көзи жеткен Едиге енди қалай болмасын бул қырғыннан өз руў-қәўимлеслерин, досларын аман алып қалыўдың ғамын ойластыра баслаған. Темир Сарай, Сарайшық, Ҳажы-Тарқанды күл-талқан етип шаўып, көп мал-дүнья менен Самарқандқа қайтқан сапарында (1391-жылы), Едиге мудамы оның менен бирге болған. Бирақ, өз улысын Тохтамыстан, ҳәтте Темирден де бөлип алып, азат етиў ойы ҳеш қашан оған тынышлық бермеген. Себеби, Қундызша жанындағы саўашта Темир жеңиске ерисип, Тохтамыс қашып кеткен ўақыттан баслап-ақ Едигениң бир нәрсеге – Тохтамыстың енди қәўипли жаў бола алмайтуғынына көзи жеткен. Едигениң жанындағы Темир Қутлығ, Күнше уғланлар да усындай пикирде болған. Едиге болса, усы дәўирлерден баслап Жошы улысының тахтын Шыңғыс әўладларынан болған өз жийени Темир Қутлығқа өткериўге таярлық көре баслаған [4:322].

Әне, Едиге усылайынша Маңғытлардың (Ноғай-Маңғыт улысының) көсемине айланған. Ақыр аяғында ол Әмир Темирдиң жәрдеми менен 1391-жылы Едилге дейинги аралықта, соң Жайық бойын Алтын Ордадан Ноғай Ордасы етип бөлип алып, өз алдына ханлық дүзеди. Темир Қутлығтың хан көтерген Едиге ис жүзинде ханлық ислерин өзи басқарған [13:7].

Едигениң буннан кейинги ерлиги Тохтамыс пенен жүргизилген жекке саўашларға байланыслы. Ибн Арабшахтың айтыўы бойынша, Тохтамыс пенен Едиге арасында он бес рет саўаш болып, бириниң үстинен бири жеңиске ерисип отырған. 1406-жылы болған он алтыншы саўашта Едиге Тохтамыс үстинен биротала жеңиске ерисип, оның геллесин тәнинен жуда қылды. [9:161-162]

Жоқарыда келтирилген еки факт (1391-жылы Едигениң Ноғай Ордасын Алтын Ордадан бөлип алыўдағы шөлкемлестириўшилик искерлиги менен ислеген ерликлери ҳәм оның 1406-жылғы Тохтамысты гелле қылған жеңиси) К.Алламбергеновке «Едиге» жырының туўылыўы менен толық пайда болыўы усы 1391-1406-жылларға туўра келеди, деген жуўмақ жасаўға кең мүмкиншилик береди. Себеби, дәстанның қарақалпақ версиясы вариантларының сюжетлери усы фактлерге байланысы бар ўақыялар тийкарында раўажланады. Дәстанның Ерполат, Қыяс жыраў вариантларынан мысал келтиретуғын болсақ, Едигениң Тохтамыс пенен аразласып, Сатемирдиң журтына кетип қалыў ўақыялары Сатемирди (Әмир Темирди) Тохтамыстың журтына баслап келип, оның жәрдеминде ханлықтың жартысын – Едилдиң арғы жағын Едигениң бөлип алыўы дәстан сюжетинде толық сақланған.

Бул фактлер, биринширден, «Едиге» дәстанының ең дәслепки жыр формасындағы вариантлары Едигениң тири гезинде-ақ пайда бола баслағанын көрсетсе, екиншиден, «Едиге» дәстаны Едиге өлиминен 100 жыл соң дөреген деген айырым пикирлерди бийкарлайды. К.Алламбергенов соңғы жылларда жарық көрген «Едиге» дәстаны ҳаққындағы жаңа монографиясында (Нөкис: «Билим», 2017), мине, усы мәселелерге кең түрде тоқтап өткен.

Едиге өлиминиң (1420-ж.) дәстанның қазақша, татарша версияларында сәўлелениўи проф. К.Алламбергеновке дәстанның дөрелиў дәўири ҳаққында және бир жуўмақ шығарыўға мүмкиншилик береди. Бул фактке қарап, ол «Едиге»ниң қазақ, татар версиясы Едигениң өлимине байланыслы келип шыққан, деген жуўмақ шығарыўға болмайтуғынлығын айтады. Себеби, дәстанның ноғай, қарақалпақ версияларының финалы қуўанышлы ўақыялар менен Едигениң Сатемирден әскер жыйнап келип, Тохтамыс әскерин жеңип, өзин өлтирип, орнына Нурадинди хан көтериў ўақыясы менен тамамланады. Бул, биринширден, дәстанның бул версиялары ең ески архетипке жақын версиялар екенлигин аңлатса, екиншиден, «Едиге» дәстаны Едигени мақтаў, тәрийп одасы сыпатында Едигениң еле тири гезлеринде-ақ пайда бола баслаған деген пикирди және бир мәртебе тастыйықлайды. Ал, айырым версияларда Едигениң өлими ўақыясының сәўлелениўи бизге және бир шынлықтың бетин ашып бериўге жәрдем етеди. Дәстанның қазақша, татарша версияларында бул фактиң сәўлелениўине қарап, ол Едигениң тири гезлеринде пайда бола баслаған «Едиге» жыры Едиге өлгеннен кейин халық арасында бурынғыдан бетер күшли жырланып, қайта исленип, эпикалық сыпаты бурынғыға қарағанда да әдеўир күшейип, жырдың ене бойына жоқлаўлық сыпат енгизген, деген жуўмаққа келеди.

Едигениң келип шығыўы (ата-теги) ҳәм туўылыўы қарақалпақша, қазақша сыңарлардан басқа сыңарларда дерлик бергелкили етип бериледи: Бул сыңарлардағы әўладлар генеалогиясы (шежиреси) мифлик-фольклорлық бағыттан (Едигениң әкеси Қутлы-қая сюжетине келген жерде) азы-кем реалистлик сыпат ийелей баслайды. Қарақалпақша, қазақшада бул реалистлик сыпат элементлери Едигениң туўылып, ҳақыйқый турмысқа араласқанынан кейин басланады. Бул сыңарларда Қутлы-қая ҳаққында ҳеш бир мағлыўмат келтирилмейди. Деген менен, Баба Төклесге жақынлығы жағынан қарақалпақша, қазақша сыңарлар жоқарыдағы аты аталған сыңарлар менен бир ноқатта түйиседи.

Ал, бул аты аталған мотивлердиң шынлық ҳәм тарийхый дәреклер менен жупкерлесиў мәселесине келетуғын болсақ, бул орынларда сырт ел алымларының дәстан қаҳарманлары ҳаққындағы аңызлар менен шежирелерге үлкен дыққат аўдарғанын көриўге болады.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ эпосларын түркий халықлар эпослары контекстинде изертлеген сырт ел алымларының «Едиге» дәстанын изертлеўдеги хызметлери айрықша. Олардың «Едиге» дәстаны бойынша типологиялық-салыстырмалы изертлеўлеринде тийкарғы дыққатты тартқан мәселелер төмендегилер болды:

-дәстанның генезисин, пайда болыў, қәлиплесиў жоллары;

-дәстанның жанрлық, формалық өзгешеликлери;

-дәстанның версия, вариант аралық өзгешеликлери, миллий версиялар
типологиясы;

-дәстанның архетип версиясы вариантлары;

-дәстанның сюжетлик қатламлары, сюжетлик мотивлер типологиясы

-дәстанның тарийхый шынлыққа қатнасы;

-дәстан поэтикасы ҳәм т.б.

**Әдебиятлар**

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1988, 71-б.
2. Баҳадырова С. Қарақалпақ жыраўлары халқымызды дүньяға танытпақта. /«Еркин Қарақалпақстан», 2-июнь 2015, №70 (19688)
3. Валиханов Ч.Ч. Сочинения.-Зап. РГО, т. XXIX. - СПб, 1904, -С. 226.
4. Греков В.Д., Якубовский А.Ю. Алтын Орда ҳәм оның қулаўы. –Т.: Уздав. Ўқув-педагогика нашриёти, 1956, 325-б.

5. Едиге. Өтенияз жыраў варианты. ӨзИА Қарақалпақстан бөлими китапханасының қолжазбалар фонды. Р-13, инв №27594.
6. Ер Едиге. Қазақтың батырлық эпосы. -Алматы: «Раўан», 1992, 19-б.
7. Жирмунский В.М. Тюркский героический эпос. -Л.: «Наука» Л.О., 1974, -С. 377.
8. Ибн Арабшох. Амир Темур тарийхы. -Т.: «Меҳнат», 1992, 163-б.
9. Ибн Арабшах. Силтеме исленген мийнети. 161-162-б.
10. Қоңыратбаев Ә. Тюркология және эпос. – Алматы: «Ғылым», 1987. 72-б.
11. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. -Нөкис.: «Билим», 1992, 171-234-б.
12. Ўәлийханов Ш. . Сочинения.-Зап. РГО, т. XXIX. - СПб, 1904, 226-б.
13. Эдиге. –Махачкала: 1991, 7-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада «Едиге» достони мисолида қорақалпоқ эпосларининг чет эл олимлари томонидан ўрганилган асосий илмий аспектлари кенг таҳлил қилинади. Шунингдек, ушбу солиштирма-типологик тадкиқотларнинг қорқалпоқ эпосларининг чет элларда ўрганилиш тарихида тутган ўрни ишончли илмий-назарий фактлар асосида белгилаб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье проводится подробный анализ основных научных аспектов каракалпакского эпоса, изучаемых зарубежными учеными на примере эпоса «Едиге». Также на основе достоверных научно-теоретических фактов будет определена роль данных сравнительно-типологических исследований в истории изучения каракалпакского эпоса за рубежом.

**SUMMARY**

The article provides a detailed analysis of the main scientific aspects of the Karakalpak epics studied by foreign scholars on the example of the epic "Edige". Also, the role of these comparative-typological studies in the history of study of Karakalpak epics abroad will be determined on the basis of reliable scientific and theoretical facts.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ЭПОСЛАРЫНЫҢ СЫРТ ЕЛЛЕРДЕ ҮЙРЕНИЛИЎИНДЕ ХАЛЫҚ АРАЛЫҚ КОНФЕРЕНЦИЯЛАРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ


**Г.К.Алламбергенова –** *еркин излениўши*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: қорақалпоқ эпослари,чет ел олимлари, ўрганишнинг ва тадқиқотнинг асосий илмий аспектлари: достонлар генезиси, жанрий хусусиятлари, поэтика, сюжет мотивлари ва қатламлари, қаҳрамон образ ива тарихий ҳақиқат, миллий хусусиятлар.

**Ключевые слова:** каракалпакский эпос, зарубежные ученые, основные научные аспекты изучения и исследования: генезис эпоса, жанровые особенности, поэтика, сюжетные мотивы и пласты, героический образ и историческая действительность, национальные особенности.

**Key words:** karakalpak epics, foreign scholars, main scientific aspects of study and research: genesis of epics, genre features, poetics, plot motives and layers, heroic image and historical reality, national features.


XX әсирдиң 80-жыллары, анығырағы 80-жыллардың екинши ярымы менен Ғәрезсизликтиң дәслепки он жыллығында қарақалпақ эпосларын сырт ел халықлары тиллерине аўдарып, бастырып шығартыў ҳәм изертлеў ислери сырт ел алымлары тәрепинен айрықша бир қызығыўшылық пенен қолға алынғанлығын ҳәм системалы рәўиште даўам еттирилип раўажландырылғанлығын көремиз. Буған, бириншиден, сырт еллерде бул бағдарда бурыннан исленип киятырған жумыслардың бай тәжирийбеси, қәлиплескен илимий-теориялық базалары менен дәстүрлериниң жеткиликли дәрежеде өсип жетилискенлиги себепши болса, екиншиден, бурынғы СССР деп аталмыш үлкен держава аймағында өткен әсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап демократиялық жөнелислердиң тез пәт пенен раўажланып, пүткил дүнья менен экономикалық, рууҳый-мәдений байланыслар есиклериниң ашыла баслаўы, яғный айтқанда ғәрезсизлик шамалларының есе баслаўы, ақыр-аяғында усы мәмлекет аймағындағы миллий республикалардың, соның ишинде Өзбекстан Республикасының да бириншилерден болып өз Ғәрезсизлигине ерисиўи, оның қурамында Қарақалпақстан Республикасының да Суверен мәмлекет болып жәрияланыўы усы қызығыўшылықты оятыўға себепши болған тийкарғы факторлардан есапланады. Нәтийжеде Өзбекстан Республикасы, соның ишинде Қарақалпақстан да дүньяның көплеген мәмлекетлери менен сиясий-дипломатиялық байланыслар орнатып, саўда, экономикалық тараўлар менен бир қатарда рууҳый салаларда да мәдений-дослық қатнасықлар жасай баслады. Соның ишинде шет тиллерин үйрениў, сол арқалы дүнья халықлары дүрданаларын өзбек, қарақалпақ тиллерине аўдарып, бастырып шығарыў, өз гезегинде ана тилимизде дөреген халықлық фольклор дөретпелери менен жазба әдебий мийрасларымызды шет тиллерине аўдарып, бастырып шығарыў, оларды үгит нәсиятлаў, изертлеў усаған ийгиликли units ислер Өзбекстан Республикасында мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы алымлары менен сырт елли алымлар арасында мәдений-дослық байланыслар ушын кең есик ашылды: бир қатар белгили шет ел алымлары Өзбекстанның ең ири оқыў орынлары менен илимий мекемелери ҳәм мәдений орайларында өз тәжирийбелеринен сабақлар берсе, өз гезегинде Өзбекстанлы алымлар да шет еллердеги усындай орынларда болып, өз билим-тәжирийбелери үйретиў менен бирге, өзлери де үлкен маманлық шеберликлерин жетилистирип қайтты. Әсиресе, шет еллерде ҳәм Өзбекстанда тез-тез болып туратуғын халықаралық илимий-теориялық конференциялар усындай илимий, әдебий-мәдений дослық байланыслардың беккемлениўине, соның ишинде миллий мәдениятымыздың, фольклорымыз ҳәм әдебиятымыз үлгилериниң шет еллерде үйренилиўине, үгит-нәсиятланыўына, изертлениўине үлкен мүмкиншиликлер жаратып берген әҳмийетли факторлардан болды. Бул бағдарда биз биринши гезекте 1997-жылдың 10-12-сентябр күнлеринде Қарақалпақстан мадενияты тарийхында XX асирдиң соңғы он жыллықлары ишинде болып көрилмеген халықаралық әҳмийеттеги үлкен унамлы тарийхий ўақыя сыпатында Нөкис қаласында өткерилген «Қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықлар фольклорының изертлениў мәселелери» деген атамада халықаралық илимий-теориялық конференцияны атап отиўимиз керек [4:56].